



## Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of  
THE BISHOP

---

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

18 avril 2025

Chè frè ak sè nan Kris la:

Pandan plizyè syèk nan listwa, Katolik yo te sipòte misyon evanjelizasyon ak charite Legliz la nan bay Koleksyon Peter's Pence. Pwojè sa a, ki te kòmanse kòm yon fason pou Katolik atravè mond lan eksprime inite yo ak Pap la, kontinye jouk jounen jodi a. Nan fen semèn kap vini 26/27 avril, Dyosèz Palm Beach ankouraje w patisipasyon w nan koleksyon anyèl sa a, ki ap gen pou voye lajan sa nan travay charitab Pap Franswa sipòte, ansanm ak aktivite Vatikan ap fè, tankou fòmasyon klèje, komunikasyon, pwomosyon devlopman imen, edikasyon ak jistis.

Kontribye nan koleksyon sa a se yon fason pou kolabore ak Sen Pè a pandan l ap bati zèv evanjelizasyon (espirityèl, edikasyon, jistis, komunikasyon, aktivite diplomatik, elatriye) epi satisfè bezwen materyèl dyosèz, òganizasyon ak moun ki gen difikilte. Don ou yo ede misyon Legliz la atravè lemond ak wòl Pap la kòm siksesè Sen Pyè.

Lè yo sipòte Peter's Pence, fidèl yo patisipe nan travay Pap la atravè aktivite Vatikan, inisyativ imanité ak pwojè pwomosyon sosyal an favè moun ki pi nan bezwen nan mond lan. Atansyon ou nan koleksyon sa ap apresye anpil.

Avèk rekonesans pou jenewozite kap kontinye epi ak tout volonte lapriyè m, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach